

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Aya sababaraha hal dina ieu panalungtikan nu bisadicindekkeun, diantarana:

Dumasar strukturna, nya éta wangun jeung eusi ieu pupujian téh ngabogaan wangun kantétan dua, kantétan kantétan opat, kantétan robah, jeung kantétan lima. Eusi ieu pupujian ngeunan: 1) Muji kaagungan Gusti Alloh SWT; 2) Solawat ka Kangjeng Nabi Muhammad SAW; 3) Ngadu'a jeung tobat ka Gusti Alloh SWT; 4) Ménta pitulung ka Kangjeng Nabi Muhammad SAW; 5) Naséhat pikeun ngajalankeun ibadah jeung amal soléh sarta ngajauhan ma'siat; 6) Ajaran ngeunaan agama, upamana kaimanan, rukun Islam, fikir, akhlak, surga, naraka jeung tafsir Qur'an.

Eusipupujian ngandung ajén-ajén nu hadé nya éta umajak, méré nyaho, nganjurakeun, jeung ngélingan, méré pesen atawa amanat sangkan milampah laku hadé. Ieu pesen téh nu disebut ajaran moral (étika) sarta karohanian rasa kaagamaan minangka fokus dina pupujian kalawan ngabogaan tujuan sangkan leuwih ningkatkeun kaimanan jeung katakwaan ka Alloh SWT.

Ajén moral téh ngawengku pituduh ngeunaan sikep jeung paripolah nu aya hubunganana antara manusa jeung Allah SWT, hubungan manusa jeung manusa, sarta hubungan manusa jeung lingkunganana

Kontribusina pupujian pikeun atikan jeung bisa dijadikeun bahan pembelajaran di sakola-sakola lantaran pupujian mangrupa karya sastra anu rék ditepikeun ti pangarang ka nu maca ngaliwatan karya sastrana, anu euyeub ku pesen moral anu raket patalina jeung sipat-sipat luhung kamanusaan, diantaranya nu aya kaitanana jeung perkara solat, élmujeungpépéling atawa naséhat

Dina ciri tradisi lisan pupujian téh diwariskeun sacara turun-tumurun ti generasi nu hiji ka generasi nu satuluyna. Proses regenerasi pupujian ku cara tradisi lisan. Nu nganadomkeumkeun pupujian kalawan tuluy-tuluyan ngadéngékeun pupujian dinadomkeun di masjid nalika unggal rék ngadagoan solat berjamaah, jeung nalika rék dimimitian pangajian.

5.2. Saran-saran

Ieu panalungtikan dipiharep bisa meré dampak pikeun guru sastra, panalungtikan tradisi lisan, elmu sastra, ngamumulé budaya, jeung syiar agama.

Hal-hal nu perlu jadi tinimbangan saba'dana panalungtikan, nya éta;

- 1) Pihak pamaréntah bisa ngajadikeun tinimbangan budaya daérah téh jadi asset dina ngamekarkeun daérahna;
- 2) Hasil panalungtikan bisa dijadikeun alternatif pikeun bahan pangajaran basa jeung sastra disakola-sakola;
- 3) Jadi babandingan jeung panalungtikan nu sajenis nu leuwih hadé;
- 4) Pupujian kudu tuluy dimumulé sabagé sarana syia agama Islam jeung prosés ngamumulé budaya;

- 5) Ngeuyeuban sastra lisan khususna pupujian jeung bisa dijadikeun inspirasi pikeun sastrawan modern sarta bisa dijadikeun bacaan nu saluyu pikeun pendidikan, jeung bisa jadi bahan apresiasi sastra;
- 6) Kurikulum muatan lokal hasil panalungtikan bisa dijadikeun bahan pembelajaran muatan lokal ngeunaan tradisi jeung adat istiadat.
- 7) Ajén moral jeung ajén budaya nu aya dina pupujian bisa méré dampak positif pikeun pendidikan.

